

Gid Kou 2014

Pou Sugar Nan XO Laptop La

Unleash Kids



Sora Edwards-Thro

sora@unleashkids.org

12 Semenn, 12 Leson

Baz

Semenn 1: Enregistrer, Fototoon, Pale (sevi ak souri a epi klavye a)

Semenn 2: Dessiner, Discuter (fe kolaborasyon, itilize Jounal la)

Semenn 3: Labyrinth, HaitiDic, Memorize (copier ak coller)

Eksplere

Semenn 4: Atizana (Tux Paint, Pursuit, Physics, Kandid)

Semenn 5: Mizik (TamTam Mini, TamTam Jam, TamTam Edit, Music Keyboard)

Semenn 6: Syans (Mesure, Wikipedia, Chronometre, Chart)

Vanse

Semenn 7: Komansman

Atizana: Turtle Machine

Mizik: Chante Nivo 1

Syans: Kesyon

Semenn 8: Milye

Atizana: Spirolaterals

Mizik: Chante Nivo 2

Syans: "Kisa son ye?" rechek

Semenn 9: Pwofesyonnal

Atizana: Atelye

Mizik: Atelye

Syans: Atelye

Kreye

Semenn 10: Pwoje Final

Semenn 11: Pwoje Final

Semenn 12: Pwoje Final

Enfomasyon Sou Kou Sa A

Mwen te kreye kou sa a pou bay pwofese epi elev yo lide pou leson k ap fe yo konnen XO laptop yo pas a pas. Yo komanse ak baz la epi pwofese a ede yo anpil, men nan fin kou a yo ap fe travay pi avanse pou kont yo san anpil ed.

Kou sa dire 3 mwa (12 semenn). 12 semenn sa yo se divize ant 4 seksyon. Chak seksyon ap dire 3 semenn. Yo rele Baz, Eksplote, Vanse, epi Kreye.

Premye 3 semenn yo sa Baz la. Elev yo vin konfotab sevi ak laptop yo pou fe bagay tankou pran foto, fe desen, epi ekri.

Pwochenn twa semenn yo se pou Eksplote. Elev yo eseye zouti diferan nan laptop yo pou fe desen, fe mizik, epi fe syans.

Aprè premye 6 semenn sa yo, timoun yo chwazi ki espesyalite yo ta renmen pou denye 6 semenn yo. You ka chwazi travay kom Atizan, Mizisyen, oubyen Syantifik.

Semenn 7, 8, epi 9 se Pwofesyonnal yo. Gwoup Atizan, Mizisyen, epi Syantist ap travay ansanm pou fe bagay avanse nan espesyalite yo. Tout klas la ap travay ansanm sou pwoje tankou yon journal.

Denye twa semenn kou sa se pou fe yon pwoje final. Timoun yo travay endependeman pou kreye yon bagay ki gen relasyon ak espesyalite yo te chwazi etidye.

Kijan pou sevi ak gid sa

Gid sa ap ba w lide sou kisa pou w fe chak klas. Objektif la se komanse ak materye ki pi fasil epi kontinye. Ou menm dwe decide konbyen tan timoun yo vreman bezwen pou aprann yon bagay anvan yo komanse ak pwochenn bagay la.

Chak lekòl, pwofese, epi gwoup timoun yo se diferan. Lide epi konsey nan gid sa ap ede w, men tanpri pa swiv yo egzakteman. Ou menm konnen sa ki pi bon pou montre timoun yo nan lekòl w. Ou menm konnen avantaj epi desavantaj lekòl pa w.

Nou ta renmen konnen sa ki mache epi sa ki pa mache pou w pou nou ka fe gid sa pi bon. Nou kontan tou reponn nenpot kesyon ou gen oubyen ede ou ak nenpot pwoblem. Pou kontakte nou:


Sora Edwards-Thro Email: sora@unleashkids.org US Telefon: +1 (707) 874-8393

Junior Monroe

Telefon Ayisyen: +509-31-12-00-78

Jeanide Joseph

Telefon Ayisyen:



Baz

Semenn 1: Enregistrer, Fototoon, Pale

Semenn 2: Dessiner, Discuter

Semenn 3: Labyrinth, HaitiDic, Memorize

Felisitasyon! Timoun w yo fek te komanse aprann laptop yo. Yo egzite anpil, men yo poko konnen anpil sou yo.

Travay w se fe timoun yo konfotab sevi ak laptop la. Pou premye 3 semenn sa yo, wap bezwen pase anpil tan ede yo epi eksplike yo sa pou yo fe. Kek ap aprann pi vit pase lot. Nou gen lespwa sa yo ki aprann pi vit ka ede w montre sa yo ki aprann pi dous.

Pou kek Aktivite yo, tankou Dessiner, pi bon fason pou montre timoun yo se kite yo eseye zouti yo pou kont yo anvan w eksplike tout detay yo.

Bon chans!

Semenn 1

Aktivite: Enregistrer, Fototoon, Parler
Konpetans: Klavye, Sour, Pran Swen Laptop La
Pwoje: Fototoon ak 3 oubyen 4 foto avek teks

Sesyon 1

Komanse klas la ak:

Pyes laptop la
Pran swen laptop la
Reg yo pou klas la

Aprè sa montre yo:

Aktivite Enregistrer
-chak timoun pran foto tet li epi ba li non li kom tit
-apre sa objektif la se pran anpil foto epi chwazi kat ke yo ka itilize pou “rankonte yon istwa”
-fok yo bay chak kat foto sa yo yon tit

Atansyon:

Timoun yo ap gen difikilte ak souri a nan komansman. Ede sa yo ki gen pwoblem pou yo pa aprann fe li mal.

Sesyon 2

Komanse klas la ak:

Aktivite Parler
Chak moun ekri non li pou laptop la ka li l.

Aprè sa montre yo:

Aktivite Fototoon
-yo dwe sevi ak kat foto yo ke yo te pran klas anvan
-yo dwe ajoute teks nan chak
 yo ka jwe ak chanje koule teks la, gwose, epi fom
 ajoute aksan
 let majiskil epi miniskil
 espas ant mo yo

Sonje:

Li pi fasil fe bwat yo pi gwo nan Fototoon si w mete bwat la nan sant desen an premyeman.
Chanje lang lan an Parler a French (Français) pou li ka pwononse non timoun yo korekman.

Semenn 2

Aktivite: Dessiner, Discuter
Konpetans: kolaborasyon, Jounal
Pwoje: yon kat pou yon zanmi ak foto li

Sesyon 1

Komanse klas la ak:

Aktivite Discute

-tout moun konekte nan menm chat pou voye mesaj

Après sa montre yo:

Dessiner

Premyeman, fok yo “make a copy” sou foto a yo te pran sou tet yo nan Jounal yo.

Aprè sa, yo ka ouvri li si avek meni a “Commencer avec Dessiner”

Gen kek ki ap aprann vit anpil kijan pou sevi ak zouti penti yo; lot ap bezwen ed. Fok yo praktike:

-desine ak koule diferan

-fe fom diferan

-ekri sou foto a

Sonje:

-Chak moun dwe konekte nan menm reseau maille pou we chat la.

-Si w gen pwoblem konekte tout moun ansanm nan menm chat w ka eseye komanse kek chat ak gwoup ki pi piti (pou egzamp, senk moun).

Sesyon 2:

Komanse klas la ak:

Chak timoun chwazi yon zanmi.

Ajoute zanmi w nan “Mes amis” sou XO a.

Après sa montre yo:

-Voye yon foto sou tet yo nan zanmi a avek meni “Envoyer a.” Zanmi a ap voye li foto pa li tou.

-Fe yon kat pou zanmi a ak foto ke zanmi sa te voye nan aktivite Dessiner.

-Voye kat la sou non zanmi a le yo fini.

Semenn 3

Aktivite: GeoQuiz, Je connais l'Amerique, Haiti Dictionary, Labyrinth, Memorize

Konpetans: copier ak coller, fe rechek

Pwoje: jwet ak kat yo nan Memorize

Sesyon 1

Komanse klas la ak:

Aktivite GeoQuiz

-Yo chwazi ki depatman li ye ak flech yo. Apre sa yo peze "bouton checkmark" (li nan bo dwat la sou bouton pouvwa a. Li sanble simbol Nike)

-Timoun ki fini premye a resevwa yon kado: li ka chwazi ki jwet li ta renmen aprann nan fin klas la. Yo ka chwazi Implosion, Maze, oubyen Jump.

Aprè sa montre yo:

Aktivite Je connais l'Amerique

-eksplike yo ke se yon elev ki te kreye li epi semenn sa a yo ap kreye jwet pa yo

Haiti Dictionary

chak timoun dwe chwazi 10 mo pou pwochenn klas la

Fini klas la ak:

Jwet la moun ki genyen GeoQuiz la te deside aprann

Sesyon 2:

Komanse klas la ak:

Labyrinth aktivite: sa yo renmen epi sa yo pat renmen sou kou a

Aprè sa montre yo:

Cache 10 mo nan Haiti Dictionary


Copier epi coller definisyon yo nan Memorize pou fe yon jwet

Fini klas la ak:

Timoun yo chanje odinate yo – chak timoun dwe yon jwet ki yon lot moun te kreye

Sonje:

Li posib ajoute imaj nan kat yo nan Memorize



Yon timoun ayisyen te desine sa ak aktivite Pursuit

Eksplore

Semenn 4: Atizana (Tux Paint, Pursuit, Physics, Kandid)

Semenn 5: Mizik (TamTam Mini, Jam, Edit, Music Keyboard)

Semenn 6: Syans (Measure, Wikipedia, Chronometre, Chart)

Kounye a, timoun yo konnen laptop yo pi bon. Yo pre pou eksplore zouti ki laptop la oufri pou fe desen, mizik, epi syans.

Travay w se kite timoun yo anpil tan pou jwe ak chak aktivite. Ankouraje yo eseye bagay diferan. Yon fason pou fe sa se jwenn pwoje ki pi bon yo epi pale ak tout klas la sou yo.

Mwen gen lespwa timoun yo ap renmen aktivite sa yo. Menm si yo pi difisil, yo amizan.

Semenn 4: Atizana
Aktivite: Pippy, TuxPaint, Kandid, Pursuit, Physics
Pwoje: drapo

Sesyon 1

Komanse klas la ak:

Pippy Activity

-Komanse ak Arbres. Eksplike ki teks se direksyon w ka ba yon odinate pou di li sa pou li fe epi li rele kod. Eksplike avantaj odinate a se li ka fe yon bagay senp anpil fwa vit anpil.

-Kite yo jwe ak lot opsyon yo.

Aprè sa montre yo:

TuxPaint Activity

-Chak moun dwe desine kek fom basic premyeman.

-Aprè sa, ale nan Magie epi kite yo jwe ak tout zouti yo.

Fini klas la ak:

Kandid

Eksplike objektif jwet la se montre laptop la sa w panse ki bel oubyen ki led ak nimewo ki anba chak desen.

Sesyon 2:

Komanse klas la ak:

Aktivite Pursuit

Aprè sa montre yo:

Aktivite Physics

Fini klas la ak:

Desine yon drapo nouvo pou peyi w nan Tuxpaint

Ba timoun ki fe pi bel pwoje a yon kado. Pou egzant, ou ka enprime pwoje a epi ba li sa kap fet nan pwochenn klas la

Semenn 5: Mizik

Aktivite: TamTam Mini, TamTam Jam, TamTam Edit, Music Keyboard

Pwoje: Jwe chante a TonTon Bouki

Sesyon 1

Komanse klas la ak:

TamTam Mini

Kite timoun yo jwe ak son yo.

Aprè sa montre yo:

TamTam Jam

Montre timoun yo kijan pou ajoute son yo, komanse yo, epi etenn yo kom yon dee0jay.

Fini klas la ak:

Mande timoun yo ki son yo pi renmen epi poukisa

Sesyon 2:

Komanse klas la ak:

Ouvri aktivite Enregistrer epi klike sou audio. Mande chak timoun ale deyo, fe yon son ak yon bagay la, epi anrejistre l. Apre sa, jwe son yo pou klas la epi devine sa yo ye.

Aprè sa montre yo:

TamTam Edit

Fini klas la ak:

Music Keyboard

Ekri not TonTon Bouki yo kote tout moun ka we. Chak timoun dwe praktike li epi jwe li pou w yon fwa pou montre w li konnen li.

TonTonBouki:

QWEQ

QWEQ

ERT

ERT

TYTREQ

TYTREQ

QWQ

QWQ

Semenn 6: Syans
Aktivite: Mesure, Chronometre, Chart, WikipediaFR
Pwoje: Prezantasyon Gwoup

Sesyon 1

Komanse klas la ak:

Aktivite Mesure

-Mande klas la kisa li ap mezire. Ankouraje yo fe diferan kalite son anvan w di yo: li ap mezire si son an lou oubyen ba. Chanje nan "frequency" mod epi mande klas la sa li ap mezire kounye a: si son an wo oubyen ba.

Aprè sa montre yo:

Wikipedia Activity

-Travay ansanm sou egzanp "Ki kote dlo soti?" (Egzanp yo se nan fin gid sa)
-Separe klas la nan gwoup. Chak gwoup chwazi yon kesyon pou rechek epi li komanse rechek.

Fini klas la ak:

Anonse nan semenn pwochenn timoun yo ap chwazi espesyalite pa yo kom atizan, mizisyen, oubyen syantiifik. Eksplike yon ti kras sou kisa chak gwoup ap fe epi di yo fok yo ekri klas pwochenn an ki espesyalite yo ta renmen fe.

Sesyon 2:

Komanse klas la ak:

Chak gwoup kontinye travay sou kesyon recheck pa li.

Aprè sa montre yo:

Mande chak gwoup anrejistre konbyen tan li dire pou chak moun nan gwoup la kouri yon distans ak Aktivite Chronometre. Montre yo kijan pou vizyalize enfomasyon an ak Aktivite Chart.

-Le yo fini, fok yo travay plis sou pwoje kesyon rechek yo.

Fini klas la ak:

Prezantasyon gwoup yo

Aprè sa, chak timoun dwe ba w yon pyes papye kote yo ekri kisa yo ta renmen premyeman epi dezyeman pou espesyalite pa yo.

Semenn 7: Introdiksyon
Aktivite: Turtle Machine, Music Keyboard, Wikipedia, Chart
Pwoje: Jounal

Sesyon 1

Komanse klas la ak:

Introdiksyon

Di chak timoun nan ki gwoup li ye epi eksplike yo nouvo reg pou klas la.

Aprè sa montre yo:

Jounal

Pandan yon gwoup ap okipe, lot de gwoup yo dwe travay ansanm pou kreye yon jounal. Jounal la ap enkli atik yo ak nouvel la sou lekol la epi kominote a, piblisite, entevyou ak yon timoun nan chak gwoup sou sa yo ap aprann, epi anpil plis.

Atizana: Turtle Machine

Ede yo ak premye twa yo epi apre sa kite yo travay kom gwoup pou fe yo.

Mizik: Nivo 1 Songs

Eksplike timoun yo kijan pou li chante a epi fok yo komanse praktike l.

Syans: Trivia

Gwoup la dwe chwazi kek kesyon yo ta renmen poze klas la ak Wikipedia.

Fini klas la ak:

Chwazi yon timoun nan chak gwoup ki te fe pi bon travay la pou entevyou pwochenn klas la.

Sesyon 2:

Komanse klas la ak:

Tortue Dactylo

Eksplike aktivite sa ap ede timoun yo ekri pi vit le yo ap fe bagay kom jounal la.

Aprè sa montre yo:

Chak gwoup dwe kontinye travay yo te komanse nan klas anvan an, men fwa sa bay yo plis independans pou yo travay pou kont yo.

Gwoup syans la ka mande lot timoun yo kesyon yo. Apre sa yo fe yon Chart sou konbyen moun ki te reponn korekteman pou mete nan jounal la.

Twa timoun ki w te chwazi klas anvan an (yon nan chak gwoup) dwe reponn kesyon nan yon entevyou. Mete entevyou sa nan jounal la tou.

Fini klas la ak:

Prezantasyon jounal la.

Semenn 8: Melye
Aktivite: Spirolaterals, Music Keyboard, Measure, Wikipedia
Pwoje: Kisa son ye?

Sesyon 1

Komanse klas la ak:

Tan lib: timoun yo ka travay sou nenpot bagay yo vle – ankouraje yo praktike ak Tortue Dactylo.

Aprè sa montre yo:

-Le Atizan yo ap okipe: Mizisyen ak Sytantifik yo travay ansanm pou gade kijan son diferan yo sanble nan Aktivite Measure.

-Le Syantifiik yo ap okipe: Mizisyen yo jwe chante yo epi Atizan yo desine mizik la.

-Le Mizisyen yo ap okipe: Atizan ak Sytantifik yo travay ansanm sou kesyon kijan son se menm bagay ak koule.

Fini klas la ak:

Mande timoun yo pou yo jwenn kek botey oubyen tas anve pou pwochenn klas la.

Sesyon 2:

Komanse klas la ak:

Tan lib: timoun yo ka travay sou nenpot bagay yo vle – ankouraje yo praktike ak Tortue Dactylo.

Aprè sa montre yo:

Chak gwoup dwe kontinye travay yo te komanse nan klas anvan an. Pandan yon gwoup ap okipe lot de gwoup yo ap travay pou kreye enstriman mizik la ak botey ki gen diferan nivo dlo.

Fini klas la ak:

Syantist yo prezante rechèch pa yo sou kisa son ye. Gade pou we si yon moun ka jwe yon chante sou enstriman mizik yo te kreye a.

Semenn 9: Pwofesyonal
Aktivite: Turtle Confusion, Music Keyboard, Wikipedia
Pwoje: your guests can choose

Sesyon 1

Komanse klas la ak:

Chak timoun dwe chwazi yon pwoje final anvan pwochenn klas la.

Aprè sa montre yo:

Pale ak chak gwoup sou posibilite yo pou pwoje yo.

Atelye pwofesyonal:

Mande manm kominote w vizite epi travay kom pwofese envite nan sije yo gen esperyans. Pran egzanp:

- yon moun ki jwe gitar nan legliz la ka montre Mizisyen yo li
- yon atizan ka fe bijou oubyen pentire ak Atizan yo
- yon elektrisyen ka ede Syantifik yo mezire kouran an nan laptop yo.

Petet wap bezwen yon moun pou chak jou si w pa ka jwenn yon moun ki gen yon bon leson pou de jou yo.

Fini klas la ak:

Timoun yo dwe ekri not oubyen fe kat pou remesye pwofesyonel kap travay ak yo. Si li posib, enprime sa yo anvan pwochenn klas la.

Fe timoun yo sonje prepare youn oubyen de lide pou pwoje final la anvan pwochenn klas la.

Sesyon 2:

Komanse klas la ak:

Anonse ke pandan klas la wap rankontre ak chak timoun pou pale sou lide pwoje a epi ede li deside kiyes ke li ap fe.

Aprè sa montre yo:

Atelye pwofesyonal

Fini klas la ak:

Prezante not epi kat yo nan pwofesyonel yo.